

DNREC pral Kòmanse Tès Derivasyon Sab nan dat 14 Jiyè

Piblik la dwe evite zòn travay aktif yo pou rezon sekirite

Moun ki pral sou plaj yo nan [Pak Eta Delaware Seashore la](#) dwe rete lwen zòn ki deziyen yo bò Indian River Inlet la, kòmanse nan **lendi, 14 jiyè**, antan tès sistèm derivasyon sab la ap kòmanse. Li danjere epi li fòmèlman entèdi pou w antre nan zòn travay aktif sa yo pandan operasyon ponpaj yo.

Sistèm derivasyon an pral fonksyone dapre orè tès sa a:

- 14–17 jiyè
- 21–24 jiyè
- 28–31 jiyè
- 4–6 out

Chak lendi jiska jedi, sistèm nan pral mache chak jou depi a **7è nan maten** jiska **2zè nan apremidi**.

Pifò nan Pak Eta Delaware Seashore la ak plaj li yo ap rete ouvè. Men, ou pa dwe ale nan zòn ki fèmen tanporèman yo, menm lè pa gen tès k ap fèt aktivman.

Pandan tès sistèm derivasyon an, [Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman Delaware la \(Delaware Department of Natural Resources and Environmental Control\)](#) (DNREC) pral deplase gwo volim sab nan tiyo ki gen gwo presyon ladan yo, soti nan bò sid ans la rive nan bò nò a. Pwosesis sa a ap kreye kondisyon enstab, ni nan dlo a ni sou plaj la, nan zòn ki entèdi yo. Sab ponpe a vin satire epi li poze yon gwo risk pou w tonbe ladan l. Anplis de sa, dlo ki toupre zòn ponpaj la gendwa gen flo retou danjere.

Gen baryè ak panno ki make aklè zòn ki entèdi yo nan Indian River Inlet la. Pèsonèl DNREC a ap prezan nan kote pou piblik la antre nan pak la, nan toude bò ans la, pou gide vizitè yo epi ede aplike mezi sekirite yo. Ap gen bwe blan avèk bann kouche jòn abriko sou yo ki pral make zòn ki danjere yo nan dlo a.

Si w pa respekte règleman pak la, sa kapab lakòz ou peye amann ki soti nan \$50 pou rive a \$250 pou yon premye enfraksyon.

Sistèm derivasyon an se yon operasyon mekanik ki kopye mouvman natirèl sab la sou Kòt Atlantik la, k ap ponpe sab la soti nan bò sid ans la — kote li akimile a — pou pote li nan bò nò a, kote ewozyon se yon pwoblèm pèsistan. Sistèm derivasyon an ede kenbe lajè plaj la, pwoteje enfrastrikti ki toupre a, epi amelyore rezistans kòt la. Sistèm nan te sispann mache pandan plizyè ane epi yo mete li ajou dènyèman avèk nouvo ponp ak

yon nouvo motè elektrik. Tès k ap fèt pandan ete a se pou verifye sistèm ajou a mache byen anvan li kòmanse sèvi regilyèman.

Pou resevwa nouvel regilyèman, suiv DNREC ak [Pak Eta Delaware Seashore la](#) sou medya sosyal.